



AVI PIBLIK RÈGLEMAN KONT DISKRIMINASYON

Se regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pou l bay opòtinite anplwa egalego dapre lwa ak regleman ki aplikab, ak san baze sou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon matrimonyal, kondisyon afilyasyon, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (ladan idantite seks reyèl oswa chwazi, ekspresyon sèks, gwosès/kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit, estati militè, kondisyon chomaj, ansyen dosye arestasyon oswa anprizònman, estati moun k ap bay swen, istwa kredi klyan, karakteristik predispozisyon jenetik, istwa salè, desizyon sante repwodiktif ak seksyèl, oswa kondisyon kòm viktim vyolans konjigal, agresyon seksyèl oswa pèsikisyon, ak pou kenbe yon anviwònman san arasman pou okenn nan klasifikasyon ki pwoteje pi wo yo, tankou arasman seksyèl ak revanj.

Se règleman DOE pou ofri opòtinite egal nan edikasyon ak nan travay, an konfòmite avèk lwa ak règleman ki an vigè san konsiderasyon pou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, peyi orijin, kondisyon imigrasyon, kondisyon sitwayènte, laj, kondisyon vi konjigal, andikap, preferans seksyèl, sèks (ladan idantite sèks reyèl oswa chwazi, ekspresyon seksyèl, gwosès/kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit), oswa gwosè epi pou kenbe yon anviwònman ki pa gen arasman pou okenn nan klasifikasyon yo pwoteje ki pi wo a, tankou arasman seksyèl ak revanj.

Règleman sa a an konfòmite avèk Tit VI ak Tit VII lwa 1964 sou dwa sivil, Tit IX Amandman 1972 sou Edikasyon, Lwa 1967 sou diskriminasyon nan anplwa, Seksyon 503 ak Seksyon 504 nan lwa 1973 sou reyabilitasyon, Amanman nòm 1974 pou jistis nan travay, Lwa refòm ak kontwòl 1986 sou imigrasyon, Lwa 1990 pou Ameriken ki gen andikap, Lwa 1991 sou Dwa Sivil, Lwa dwadelòm Vil ak Lwa Eta Nouyòk ak Seksyon lwa Kont-Diskriminasyon nan Akò Negosyasyon sendika avèk NYCDOE.

Règleman Chanselye (CR A-830) tabli pwosedi pou anplwaye, paran elèv, elèv ak lòt moun ki fè biznis avèk DOE, travay avèk anplwaye oswa elèv DOE, ki itilize bilding DOE oswa ki gen entèaksyon avèk DOE pou pote plent pou diskriminasyon ilegal oswa arasman anplwaye DOE oswa moun ki pa anplwaye DOE fè men ki travay avèk anplwaye oswa elèv DOE, oswa revanch yo sibi poutèt yo pote plent sa yo. Moun ka kontakte biwo *Office of Equal Opportunity ak Diversity Management* (OEO) oswa yo ka pote plent nan youn nan ajans nou mete pi ba yo pou pote plent. OU ka jwenn yon kopi Règleman Chanselye A-830 an nan OEO oswa nan.

Resous DOE:

Biwo prensipal:

Office of Equal Opportunity & Diversity Management
 Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE)
 65 Court Street
 Brooklyn, New York 11201
 Tel: 718-935-3320
 Faks: 718-935-2531
oeoinquiries@schools.nyc.gov

Si w gen kesyon osijè konfòmite Tit IX kontakte :

Kowòdonatè Tit IX
 65 Court Street, Room 200
 Brooklyn, NY 11201
 Tel: 718-935-4987
[Title IX Inquiries@schools.nyc.gov](mailto:Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov)

Si w gen kesyon osijè Akomodasyon Seksyon 504, ou ta dwe kontakte:

Kowòdonatè Seksyon 504
Office of School Health
110 William Street, 15th Floor
New York, NY 10038
Tel: (212) 287-0354
504Questions@schools.nyc.gov

Resous ekstèn :

- U.S. Equal Employment Opportunity Commission, New York District Office – 33 Whitehall Street 5th Floor, New York, NY 10004 – 212-336-3620
- Office for Civil Rights, New York Office U.S. Department of Education – 32 Old Slip, 26th Floor, New York, NY 10005-2500 – 646-428-3900
- New York State Division of Human Rights – 1 Fordham Plaza – 4th floor, Bronx, NY 10458 – 718-741-8400
- New York City Commission on Human Rights – 22 Reade Street – 1st floor, New York, NY 10007 – 212-306-7450